# Gadri ki aproprye a devlopman mental:
## Kesyon pou paran timoun piti

**Lis verifikasyon sa a ap pèmèt ou evalye pwogram gadri ki kapab bay ti pitit ou yon anviwonman kote pitit ou ka pi alèz. Ba lòt paran ki te mete timoun nan laj pitit nan yon lòt program referans ke ou genyen pou si ou ta gen yon pwen de vi sou on lòt program ke'w te pran an konsiderasyon.**

**kat pi gwo karakteristik devlopman mantal lan timoun piti:**

**Pi plis enèji ak pi plis abilite rapid**

**Yon sans devlope de independans akamoupwop. Tibebe ap teste limit ki gen nan anvironman yo pandan yap aprann lwa ak kontròl fason d'aji**

**Yon interè nan lòt moun, menm si abilite sisyal yo limite, epi**

**Kòmansman langaj yo kòm on fason pou yo ka kominike panse ak kijan yo santi yo?**

# Kesyon pou pwogram ak moun ki sèvi timoun piti yo:

1. **eske kote ya pwop epi an sekirite pou yon timoun? Eske li gebnyen ladanl objè ki pwòp e ki an sekirite pou manyen ak lòt sifas kote pou rale, grinpe epi eksplore?**

2. **eske kote pou doumi an silansye, konfòtab epi apa de kote lòt aktivite yo fèt?**

3. **eske kote pou chanje ya lwen kote yo fè manje/kote yo man je ak kote yo jwe yo? Eske li pwòp? Kouman zafè antrenman pou al nan twalèt la ye? Eske timoun yo akomode yo sou bas ajilite individyèl yo?**

4. **eske gen kont opòtinite pou jwèt fizikal ki actif ak kont eksplorasyon? Eske jwèt timoun yo nan nivo yo? Eske materyèl pwofesè ya yon kote timoun nan pa ka jwenn?eske gen opòtinite pou chak timoun jwe pou kont yo?**

5. **konbyen tan pitit ou ap pran nan skèdjil li? Eske moun nan bay chak timoun fleksibilite depandan sa timoun bezwen chak jou?**

6. **ki filozofi ak limit pwogram moun sa a? kòman limit yo ranje, e eske ou konfòtab ak limit/metòd sa yo?**

7. **eske pwofesè ya pale direkteman ak timoun yo individyelman ke li chita veye yo selman? Eske li itilize bon mo ak fraz le lap pale ak timoun yo? Eske li ititlize kont kontak ak zye'l?**

8. **eske chak timoun gen libète pou gade aktivite oubyen patisipe ladan yo depandan stil individyèl li?**

9. **eske pwofesè ya regle diskisyion kalman, san li pa gate interè timoun yo? Eske pwofesè sa a regle diskisyon menm avan yo koumanse? Eske tan sa yo sèvi kòm yon opòtinit pou apran leson lavi ya oubyen eske yo se tan ki itilize pou kenbe la pè sèlman?**

10. **eske tibebe'w la ka al deyò regilyèman? Kouman yon timoun nan laj pitit ou pase jounenl ak pwofèse sa a?**

11. **konbyen lòt timoun ki nan pwogram/klas sa a avèk pitit ou a?  ki laj yo?**

12. **ki yès ki responsab pou bay manje? Ki lwa ki genyen pou lè timoun nan potye jwèt ak manje sotui lakay li?  Ki sa ke ou responsab pou bay-dra,lòt rad ak kouvhèt oubyen yon chèz machin?**

# Spesyalman pou pwogram  gadri familyal…..

1. **eske stil d'inkyè ak filozofi, spesyalman nan bay limit, menm ak paw? Eske ou santi'w konfòtab ak stil/metòd li yo?**

2. **Eske anvironman an fèt spesyalman pou yon tibebe navigue ladan? Eske tout bagay yo prouve se pou timoun yo ye?  Ki kantite jwèt timoun nan ka fè nan anvironman an?  Ki kote tibebe a ap pase pi plis nan tan'l? eske timoun yo ap pati nan machin ak pwofesè ya ? chak ki lè?**

3. **ki lòt demand ki nan kay la ki pote a atansyon pwofesè ya? Eske yo ka yon obstak pou li bay pitit ou sipèvizyon ak intèraksyon?**

4. **ki eksperyans moun nan genyen ak tibebe? Li gen onkenn kalifikasyon spesyal oubyen eksperyans edikasyonèl?**

5. **eske gen televizyon nan pwogram sa a? konbyen, ki lè, e ki pwogram ke yo gade?**

6. **eske ap gen onkenn lòt granmoun nan kay la lè timoun yo la? Yon asistan? Yon mari ou mdanm? Oubyen yon pi gran timoun?**

# Spesyalman pou pwogram Sant baz yo…

1. **konbyen adilt kap pran swen pitit ou a? eske se menm moun yo kap pran swen pitit ou nan menm skèdjil chak jou oubyen chak semese pitit ou? Kisa ki kalifikasyon pou pwofese timoun piti yo?**

2. **koman wap fe kominike a pwofese pitit ou? Eske gen yon chnjman ki ekri sou ppye pou ou kapab we chak jou? Ki kalifikasyon chak moun kap pran swen pitit ou a genyen? Eske yo gen yon antrenman spesyal pou sa a?**

3. **eske timoun yo gen kont plas nan chanm yo pou yo ka alez epi pou yo ka jwe pou kont yo? Eske gen yon bon ti kantite nan chak jwenn kont pou timoun yo pa goumen?**

4. **ki filozofi ke kote ou mete pitit ou genyen sou zafe devlopman timoun piti? Eske filozofi sa a menm jan ak paw?**

**Child care rersource center inc. 130 Bishop Allen Drive, Cambridge, MA 02139**
**Parant infoLine 617-5471063 ext72**
**E-mail:parantinfo@ccrcinc.org**
http://www.ccrcinc.org